



15 Jiyè 2025

Chè Papa M-DCPS yo:

Biwo Angajman Familyal ak Kominotè nan Lekòl Leta Miami-Dade County ap envite tout papa ak moun ki jwe wòl papa yo pou patisipe nan 13èm edisyon ànyèl "Fathers in Education Day" (Jounen Papa nan Edikasyon), ki ap fèt lendi 15 septanm rive jedi 18 septanm 2025, nan lekòl pitit ou a.

An 2014, Kongrè Etazini an te pase yon rezolisyon ki te deziyen dat sa a kòm yon opòtinite pou papa ak moun ki jwe wòl papa yo kòmanse sèvi kòm volontè nan lekòl pou sipòte edikasyon pitit yo, epi Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, nan Florid, te vote pou apwouve Jounen Papa nan Edikasyon kòm yon inisyativ k ap kontinye nan distri a.

Patisipasyon papa yo gen anpil benefis pou timoun yo lè yo wè yon gason, manm fanmi e ki se yon modèl pozitif, ki enterese pase tan avèk yo. Nan jou sa a, lekòl yo ap organize aktivite tankou papa k ap fè lekti oswa rakonte istwa, pataje pasyon ak enterè pèsonèl yo, oswa patisipe nan aktivite edikatif avèk pitit yo.

Nou pa ka tann pou w vin patisipe, epi nou ankouraje kominote nou an ak biznis yo pou yo sipòte 13èm edisyon ànyèl 'Jounen Papa nan Edikasyon' an.

Sensèman,

Ines Meras, Direktris Distri
Biwo Fanmi ak Angajman Kominotè M-DCPS

Founded in 2014 by
Fatherhood Task Force
of South Florida
Connecting Fathers with Children

Office of Family and Community Engagement
1450 N.E. 2nd Avenue, Suite 200, Miami, FL 33132
www.engagemiamidade.net